

## ***Leson Adisyonel***

Nou wè 3 nivo de lafwa ki te ilistre la:

1 - Wè se kwè (vèsè 48)

2 - Kwè nan parol Jezi yo (vèsè 50)

2 - Kwè nan Jezi menm (vèsè 53)

## ***Nòt eksplikasyon tèk yo***

Distans ant Kana ak Kapènwòm te apèpre 25 mè.

*lafyèò la tonbe* (vèsè52) endike yon restorasyon konplè sou sante.

# Fas a Fas Avék Jezi Sèt Pankat nan Jan

Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li. (Jan 20:31)

## ***Leson 2***

***Li Bon Pou Kwè san wè!***

*(Jan 4: 46-54)*

## Leson 2

### Gerizon Pitit yon Fonksyonè

Jan 4: 46-54

46Aprè sa, Jezi tounen vin Kana nan Galile, kote li te fè dlo tounen diven an. Nan lavil la te gen yon gwo fonksyonè leta ki te gen yon pitit gason l ki te malad nan yon lòt lavil yo rele Kapènawòm. 47Lè li vin konnen Jezi te soti peyi Jide vin nan peyi Galile, l al jwenn li, li mande l pou l al Kapènawòm geri pitit li a ki te prèt pou mouri. 48Jezi di l konsa: Si nou pa wè mirak ak bèl bagay, nou p ap janm kwè. 49Fonksyonè a reponn li: Mèt, vin avè m non, anvan pitit mwen an gen tan mouri. 50Jezi di li: Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p ap mouri. Nonm nan kwè sa Jezi te di l la, ll ale. 51Li te sou wout lakay li toujou lè domestik li yovin jwenn li avèk nouvèl sa a: Pitit ou a pa mouri. 52Li mande yo: Kilè ti gason an refè? Yo reponn li: Yè apremidi, bò inè konsa, lafyèyè la tonbe. 53Papa a vin rekonèt se te lè sa a menm Jezi te di l: Pitit gason w nan p ap mouri. Se konsa li menm ansanm ak tout moun lakay li yo kwè nan Jezi. 54Sa te fè dezyèm mirak Jezi te fè lè l tounen soti Jide vini nan peyi Galile.

### ***Kesyon preliminè***

Si yon moun nan fanmi'w ta malad grav, kisa ou t.

### ***Kisa suy sa a montre nui san prouvwa Jezi?***

Pouvwa li pa limite pa distans.

### ***Kisa moun bezwen Jezi satisfè par yo?***

Restorasyon fanmi an.

### ***Kóman pèp la treyaj?***

Fonksyonè a te kwè nan paról jeti a san pa wè mirak la.

### ***Li Bon Pou Kwè san wè!***

### ***Kómantè Final***

“Mwen kwè paske mwen wè” Se pi ba (ou mour) nivo la fwa paske li egzuje yon enfini seri de Jarèy si la chape. Eske nòmalmen ou gen pou wè pou kwè.